



Fè yon Chèdèv

Kreye pwòp Tenb ou ak Papye pou Vlope

Kisa ke ou bezwen:

- Yon baz pou tenb loan takou yon kouvèti plastik oubyen yon bouchon, blòk an bwa, oubyen yon papye katon ki epè
- Otokolan an mous (Kòm yon altènativ, ou ka fè eksperyans tou lè w koupe fòm koutim nan fèy kim oswa katon epè epi kole yo sou baz koupon pou ou a.)
- Penti Tempera
- Dlo
- Plato oubyen asyèt papye
- Sèvyèt papye
- Woulo papye long koupe an de oswa twa pye longè pou fè papye anbalaj, oswa lòt moso papye epè pou fè Bookmarks, Tags kado, ets.
- Tep pou kenbe papye an plat
- Sizo



Pou kapab fè tenb:

- Rale papye an de mouss la pou ekspoze pati ki kole an.
- Peze otokolan byen di sou kouvèti an, pyès bwa, oubyen tip katon an. Sèvi ak kreyativite'w pou kapab fè tenb lan fason pa'w lè ou ranje desen an oubyen lè ou fè pwòp fòm ou lè ou koupe mous la oubyen katon epè an. Timoun ki pi gran yo kapan planifye pou aprann kijan pou li sèvi ak tenb lan pou li fè pil oubyen kreye modèl.

Pou kapab fè baz pou tenb:

- Mete yon papye sèvyèt sou plato an oubyen asyèt papye, epi vide yon ti kal dlo nan sifas lan.
- Ajoute yon tikal penti Tempera nan sèvyèt papye an.

Pou kapab fè papye pou vlope: Yon fwa ke tenb lan ak baz tenb lan pare, mete yon fèy papye long sou yon tab, tepe li nan kònè yo pou kenbe li an plas. Peze yon nan tenb yo sou baz tenb lan epi mete li sou papye an. Eksperimante sou kreye diferan desen ak efè sou ki jan pou mete li!

Eske ou wè modèl kap repete? Kisa ki pase si ou mikse koulè penti yo? A ki lòt bagay ou kapab sèvi pou fè tenb... petèt yon fouchèt, pèz pòm de tè, oubyen fwi ak vegetab? Ki lòt bagay ke ou kapab dekore ak tenb ou an... petèt etikèt kado oubyen makè pou liv?